ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№217 (21.875) ● 2010 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 18, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● ЩІэ

Кавказ Ищхъэрэм и Жылагъуэ совет къызэрагъэпэщ

УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ Хлопоник Александр блыщхъэкІуам ЕсэнтІыгу къалэм щаІущІаш Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и Жылагъуэ советым хэтынухэм я кандидатхэм. Абы къырихьэлІащ Жылагъуэ советым хагъэхьэн папщІэ округым и щІыналъэхэм къыщагъэлъэгъуэ жылагъуэ лЫкІуэхэр.

ЩІЭУЭ къызэрагъэпэщ советым къалэн куэд кІыпэщытынущ. Полномочнэ лЫкІуэм къызэрилъытэмкІэ, Жылагъуэ советыр округым щыпсэуэхэрэ я зэпыщІэныгъэхэм я къызэгъэпэщакІуэу щытын хуейщ. Абы къыдэкІуэу советым хэтхэм корпущэм пэщІэтынымкІэ зыхуэфащэ жэрдэмхэр къыхалъхьэфыну щогуфь. «Къэралым и зэфІэкІым и закъуэкІэ корпущэм упэщІэтыфынкъым, сыту кьІпІэмэ абы кьикІыр къэралІэр езыр и щІэм енакъуэкъуэу аращ», - къыхигъэщхьэхуІащ Хлопоник Александр.

Зэрыщыту къапщтамэ, советыр къызэрэпэщыныр Кавказ Ищхъэрэм граждан жылагъуэм и Іуэхущ. Ащ щыгъуэ зыщІегъэжьыныкІэ лъэбакъуэщІэ хъун хуейщ, кІелыдтэ Президентым и лІыкІуэм.

ЗэІущІэм къырихьэлІа жылагъуэ лІыкІуэхэм округым и щІыналъэхэм щыІэ социально-политикэ щытыкІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІа псалъэмакъышхуэ ирагъэкІуэкІащ.

Къапщтэмэ, Ставрополь къэрал университым социальнэ философиемрэ этнологиемкІэ и кафедрэм и профессор Авсентьев Виктор къИэтащ щІалэгъуалэр экстремист псалъэмакъ зэмылІэужыгъуэхэм дежьыгъэхьэныным хуэунэтІауэ студентхэм зэрадэлажьэр егъэфІэкІуэн хуейуэ. ЩІэныгъэлІым кьихьащ лъэпкъ зэныкъуэкъуныгъэхэм я лъэныкъуэкІэ крайм и къалащхьэм кьыщыхьу хабзэншагъэхэм я щапхъэхэр.

Апхуэдэ Іуэху бгъэдыкъэкІэмкІэ Хлопоник Александр акъылэгъу хъуащ икІи зэІущІэм хэтахэм абы ягу кьыгъэкІыжащ Кавказ Ищхъэрэм и щІалэгъуалэм я жылагъуэ зэгугъэныгъэ щхьэхуэу зэкъэгъэпэщыным хуэунэтІа лэжьыгъэ полномочнэ лЫкІуэм и аппаратым и дэІэпыкъуныгъэкІэ зэрырагъэкІуэкІыр.

- Ставрополь и вузхэм я общежитэм тхьэщелъэІу пэшу щыІэхэм я бжыгъэр, абыхэм и пэжыпІэкІэ тхьэ щелъэІуу хэтыр, экстремист лэжьыгъэ щрагъэкІуэкІэр - нэгъэущІ мыхъуми мис ахэр псом япэу ягъэбелджылІын хуейщ еджапІэхэм я ректорхэм, къыхэкІыжьхэу щытащ Хлопоник Александр.

«Интурист-Осетие» компаниемрэ и генеральнэ директор Логкуев Владимир и псалъэм къыхигъэщащ лъэпкъ политикэр гъэзэщІэныкІэ жэуап зыхь Іэнатіэ федеральнэ властым и органхэм иджыпстэ зэрахэмытыр икІи жилащ лъэпкъхэм я Іуэхущхэмкіэ министерствэу зэгуэр щыІам ещхь Іуэхущапіэ къызэгъэпэщыжьын хуейуэ къызэрыІутэр.

Апхуэдэ Іуэху епІыкІэрэ Хлопоник Александр дИыГащ икІи хэхуэ жилащ зы зэман гуэр къэралым и лъэпкъ политикэм хэпІа нЫкъуэзаныГъэхэр СССР-р зэрыкьутэжам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу зэрыувар. Ауэ министерствэщІэ къызэрагъэпэщыну иджыпстэ аужь иткъым. Абы и пІэкІэ мы къалэныр УФ-м ЩІыналъэхэм зегъэужьыныкІэ и министерствэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ хъуну къыщІэкІынущ.

«Дагъэстрой» предприятэм и унафэщІ Джабраилов Гаджи зэІущІэм хэтахэр щыГуазэ ищІащ бын етІуанэ е къыкІэлъыкІуэ зыгъэуэта анэхэм яхуэфащэ ахъшэр етыным и лъэныкъуэкІэ Дагъыстан Республикэм щыІэ коррупцэ Іуэхухэм. Абы зэрыжиІамкІэ, сертификатхэр ятхыгъ папщІэ республикэм и ящыныкъуэ щІпІэхэм щыІэ къулыкъущІэхэм Іулъхъэ кьыІах.

Апхуэдэ хабзэншагъэхэр зылэжьхэр тезыр трамылъхьэу кьанэ хъунукъым, ахэр уголовнэ жуэлым ешэлІэн хуейщ, - ткІийуэ къыгъэлъэгащ Хлопоник Александр.

ЗэІущІэм зэпхущэу щытепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым информацэ зэпыщІэныгъэхэм зыщІегъэжьыныным, щІым теухуа законодательствэр егъэфІэкІуэным.

Фигу къэдгъэкІыжьыщ 2010 гъэм накьыгъэм и 19-м Урысейм и Президент Медведев Дмитрий Граждан жылагъуэ Іуэхущапіэхэм зегъэужьыным зыщІегъэкъуэныкІэ, щІыхуэм и хуитныкІэхэмкІэ УФ-м и Президентым и деж щыІэ советым хэтхэм, правительствэ Іэнатіэм химыльфыдэ зэгугъэныгъэхэм я лІыкІуэхэм яІущІауэ зэрыщытар. Абы щыжьалхэм япкъ иткІэ, къэралым и Президентым Хлопоник Александр и пщэ кьрилъхьащ Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхущхэмкіэ Жылагъуэ совет къызэрэпэщыным, абы и статусымрэ полномочиехэмрэ уБзыхуным, апхуэдэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и нэхъыжьхэм я совет къызэгъэпэщыным хэгъэзэ Іуэхуэхэр игъэхьэзырыну.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым къэрал кІуэцІ политикэм пыщІа Іуэхуэхэмкіэ и департамент.

«Урысейм и хэкупсэхэр-2010»

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен къыІэрыхьащ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэм я «Урысейм и хэкупсэхэр-2010» IX Урысейпсо конкурсым и гъэзэщІакІуэ директэм и унафэщІ, дунейпсо пресс-клубым и генеральнэ директор Чумиков Александр хъыбарегъащІэ.

«Дагъэстрой» предприятэм и унафэщІ Джабраилов Гаджи зэІущІэм хэтахэр щыГуазэ ищІащ бын етІуанэ е къыкІэлъыкІуэ зыгъэуэта анэхэм яхуэфащэ ахъшэр етыным и лъэныкъуэкІэ Дагъыстан Республикэм щыІэ коррупцэ Іуэхухэм. Абы зэрыжиІамкІэ, сертификатхэр ятхыгъ папщІэ республикэм и ящыныкъуэ щІпІэхэм щыІэ къулыкъущІэхэм Іулъхъэ кьыІах.

Апхуэдэ хабзэншагъэхэр зылэжьхэр тезыр трамылъхьэу кьанэ хъунукъым, ахэр уголовнэ жуэлым ешэлІэн хуейщ, - ткІийуэ къыгъэлъэгащ Хлопоник Александр.

ЗэІущІэм зэпхущэу щытепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым информацэ зэпыщІэныгъэхэм зыщІегъэжьыныным, щІым теухуа законодательствэр егъэфІэкІуэным.

Фигу къэдгъэкІыжьыщ 2010 гъэм накьыгъэм и 19-м Урысейм и Президент Медведев Дмитрий Граждан жылагъуэ Іуэхущапіэхэм зегъэужьыным зыщІегъэжьыныным, щІыхуэм и хуитныкІэхэмкІэ УФ-м и Президентым и деж щыІэ советым хэтхэм, правительствэ Іэнатіэм химыльфыдэ зэгугъэныгъэхэм я лІыкІуэхэм яІущІауэ зэрыщытар. Абы щыжьалхэм япкъ иткІэ, къэралым и Президентым Хлопоник Александр и пщэ кьрилъхьащ Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхущхэмкіэ Жылагъуэ совет къызэрэпэщыным, абы и статусымрэ полномочиехэмрэ уБзыхуным, апхуэдэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и нэхъыжьхэм я совет къызэгъэпэщыным хэгъэзэ Іуэхуэхэр игъэхьэзырыну.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым къэрал кІуэцІ политикэм пыщІа Іуэхуэхэмкіэ и департамент.

● Хьид махуэм

Муслъымэнхэм зыхуагъазэ

Вэсэмахуэ, Къурмэн Хьидым и япэ махуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэжджыт нэхъыщхьэм щызэхэтащ гуфІэгъуэ зэхъыкъ. Абы кьекІуэлІа муслъымэнхэм Хьид нэмэзыр ящІащ, республикэм и муслъымэн дин Іуэхущапіэм и унафэщІ Пщыхьэщіэ Іэнас Къурмэн Хьидым и кьежьапІэм, ар щыхьум иль бгъэжьну диным хуит уэрэмыщІым и щыхьэту кьызэрыувым теухуауэ хьутІбэ кьеджащ (ззхуэсахэм уаз яритащ).

А ЗЭХЫХЬЭМкьрихьэлІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэ1э министр кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Пащты Борис**, щэнхабзэмкІэ министр **Фырэ Руслан,** узыншагъэр хьумэныкІэ министр кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Бицу Вадим** , дэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ министр **Тюбеев Альберт** сымэ.

Сэхъурокъуэ Хьэутий кьеджащ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен муслъымэнхэм Къурмэн Хьидымкіэ зэрехьэухуэ тхыгъэм. «Сигуми си псэми кьыбгъэдэкІыу ди республикэм щыпсэу муслъымэн псоми сохъуэхъу Къурмэн Хьид лъапІэмкІэ. Ар лъэпкъ куэду зэхэт ди щІыхубэм и дежкІэ махуэ нэхъ лъапІэ дыдэхэм ящыщ. А махуэри ислъам динри хуэунэтІащ щІыхь хьэл-щэн щрагъэфІэкІуэным, мамырыгъэр, зэгурыІуэныгъэр ди щІынальэм щыгъэбыдэным, лъэпкъхэр зэкъуэгъэувэным, зыльэкІыр нэхъ зыхуэзэфІэмыкІэхэм ядэІэпыкъуу псэуным, Сыныввохьуэхъу гуфІэгъуэ, насыпэ, берыч1эт, уэнушагъэ Алыхьым фыщимыгъащІэу фыпсэуну», - щыжьеІэ КъБР-м и Президентым и тхыгъэм.

Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Сэхъурокъуэ Хьэутий зэхуэсахэм щехьэхуэхьум кьыхигъащащ республикэм и Президентми КъБР-м и власть кьудамэ псоми куэд зэралажьэныр ислъам диным ди щІыхь-щэн зыщІыжьынымкІэ, муслъымэн нэхъыбэ хьэжьащІ гъэкІуэным теухуауэ.

- Дяпэкіи ди кьалэхэм, кьуажэхэм я мэжджытхэм, КъБР-м и муслъымэн дин Іуэхущапіэм республикэм и властыр зэрадэлажьэм хигъахьэуэрэ екІуэкІынущ. Ди куейхэм я мэжджытхэр зыхуэнэжьуэгъэкІэ защІэдгъэзэжынущ, ди жылагъуэхэм ислъам диным, лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм, зэгурыІуэныгъэм зыщІегъэужьыным кьару псори етхьэлІэнущ, - жиІащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

КъБР-м и муслъымэн дин Іуэхущапіэм и унафэщІ Пщыхьэщіэ Іэнас кьеджащ Урысейм Федерациэм и Премьер-министр **Путин Владимир** кьигъэхьа хьуэхьу телеграммэм. А тхыгъэмкІэ УФ-м и Правительствэм и УнафэщІыр Къурмэн Хьид гуфІэгъуэ махуэмкІэ гуапэу йохьуэхьу Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслъымэн псомэ.

Зэхуэсахэм, КъБР-м и Правительствэм и лЫкІуэхэри яхэту, зэгъэуэгъуэ Хьид нэмэзыр ящІащ, дин гуфІэгъуэ зэрыдэлІэмкІэ гуапэу зэхъуэхъуэхащ.

ГЪУЩІО Зариф.

● Политикэ партхэм

Къытхуащі пщІэр къегъэлъагъуэ

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Генеральнэ советым и президиумым и секретарь Неверов Сергей, партым и къудамэу Кавказ Ищхъэрэм щыІэм и щІыналъэ зэзыгъэуІу советым и унафэщІ, УФ-м и Къэралыгъэ Думэм и депутатхэу Щхьэгуэш Адэлбий, Толстопятов Василий, Дагъыстэн, Ингуш, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхьэрэ-Алание, Шэшэн республикэхэм, Ставрополь краим я лІыкІуэхэр.

ЗэІущІэр кьыщыгъэІуихым Щхьэгуэш Адэлбий Неверов Сергей схьэхьэщащ партым и Генеральнэ советым и Президиумым и секретарь кьулыкъум зэрыпэрыувам папщІэ. Апхуэдэуи Щхьэгуэшым кьыхигъэщащ мыпхуэдэ зэІущІэр ди республикэм щекІуэкІыну зэрыптраухуам кьытхуащІ пщІэр, дзыхьыр кьызэригъэльагъуэр.

ЗэІущІэм хэтэхэр хэпльэщащ зэхакІуэхэм ядэлэжьэныным хуэунэтІауэ щыта «Бжьыхь-2010» циклым кьрикІуахэм, 2011 гъэм екІуэкІыну хэхыныгъэхэм зэрызыхуагъэхьэзырым, партым и унафэщІ Путин Владимир и жылагъуэ егъэІущІэм и ужькІэ Неверовым жуэап иритащ журналистхэм я упщІэхэм. Абы и псалъэм кьыхэщащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІынальэм щыхьэкІэ зэхалъхьа социально-экономикэ къэрал программэ нэхъыщхьэхэр зэрыхьэзырыр, абыхэм текІуэдэну мылькур зыхуэдэдзыр зэраубзыхуар.

Парт Іуэхуэхэм щатепсэлъыхьахэм, Неверов Сергей жиІащ секретархэр зэрыладжь илъэс бжыгъэр нэхъыбэ ящІыну зэрамурадыр икІи кьыхэщІащ а Іуэхур кьудым елыгтауэ зэрыщытри. Бжьыхьэм екІуэкІа хэхыныгъэхэм я гугъу щищІым, Неверовым кьыхигъэщащ абы кьрикІуахэмкІэ партыр зэрырэзыр.

ДЗЭГЪАЩІГЭ Азмэт.

● Нобэ

Лэжьэкіэщіэм теухуауэ

Нобэ щыщІэдзауэ махуэщкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІынущ Урысейпсо инновацэ зэрепэуэшхуэм и щІыналъэ Іыхьэр. Абы хэтынущ Кавказ Ищхъэрэм и къэралыгъэ, къэрыгъэт лэжьыгъэкІэ, щІэныгъэдІ, менеджмент ныбжьыщІэхэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРРеспубликэм и щэкІэ конкурсым и «Инновацэ гупсысэ» номинацэмкІэ я зэфІэкІыр ягъэлъэгъуэнущ Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и щІэныгъэ-къэухтакІуэ институтым и лэжьакІуэ ныбжьыщІэхэу Багъ Маратрэ Вайтанец Оксанэрэ. Абыхэм я конкурс лэжьыгъэхэр теухуащ зэранылъэныгъэ къэзыхь пщдэзэхэр къэмыгъэзыжьынымкІэ хуэунэтІауэ ведомствэхэм я зэфІэкІхэр зэгъэуІуныкІэ, лазерыр сВязым и Іэнатіэм къыщыгъэсэбэпынымкІэ.

Зэпеуэм и окружной Іыхьэр УФ-м Спортымрэ туризмэмкІэ, щІалэгъуалэ политикэмкІэ и министерствэм, Щалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ федеральнэ агентствэм я дэІепыкъуныгъэкІэ ирегъэкІуэкІ КъБР-м ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ и министерствэм. Зэпеуэм хиубыдэу Кавказ Ищхъэрэм и щІалэгъуалэм я инноваци проектхэм, щІэныгъэ-техникэ творчествэм я выставкэ къызэрагъэпэщынущ, «Урысейм и маркетологхэм я союзым» и ІэшагъэлІэм семинархэр ирагъэкІуэкІынущ.

Конкурсым и окружной Іыхьэм щытекІуэхэр хэтынущ ЩІалэгъуалэм я ещанэ урысейпсо инноваци зэпеуэу Санкт-Петербург кьалэм дыгъэгъазэм щрагъэкІуэкІынум.

БАЖЭНЭ Бесльэн.

Асрен Іуащхьэм

АДЫГЕЙ. *Теуваж куейм щыІэ Асрен Іуащхьэ щІэрыІуэм къахэутэныгъэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ.*

АСРЕН Іуащхьэм къыщагъэтащ абы щыщІалъхьауэ щыта зауэлІым и кхъащхьэ. Ар кьыщатІэщІым джатэ кІыхь, шабзэхэр, апхуэдэуи тхыпхъэ дахэ зытет хьэкъущыкІу, къуэщым къащхъуэ гъэщІэгъуэн къагъуэтащ. Нарт эпосым къыхощ тэтэр-монголхэм къэмылэнджэжу япэщІэту хэкІуэда зауэлІиплІым я хъыбар. Зэрахьа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ щІэ хуащІу ахэр Іуащхьэм щыщІалъхьащ икІи абыхэм я Іуащхьэм Асрен фІэщыгъэцІэ игъэтащ.

Гарэмавэ Хиблэ уэрэд жеІэ

АБХЪАЗ. *Урысейм рэ Абхъазым я щІыхуэ артистка Гарэмавэ Хиблэ дыгъуасэ Перм дэт оперэмрэ балетымкІэ и театрым концерт щитащ. Уэрэджьакіуэм Іэгуауэшхуэ хуаІэтащ.*

ГАРЭМАВЭи концертым зэ мыхъуми ирихьэлІар абы и макъым имытхьэкъункІэ Іэмал иІэкъым. Уеблэмэ, ипэкІэ оперэм дмыльхьэху щытахэр концерт нэужьым зэбгрокІыж а жанрыр фІыуэ ялъэгъуауэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Аргуэру щІедзэж

«Капитал-тур» туристкомпаниемрэ щІидзэжащ урысейхэр нэгъуэщІ щхьэхуэм зыгъэпсэуакІуэу гъэкІуэным теухуа Джыгьгэ.

Ар абы зэпэчъэун хуей хъуат щІыхьэщхьэ къызэрытехъуам кьыхэкІыу. Компаниеи и унафэщІхэм жаІат финанс гугъуехьэхэр пІалъэ кІэщкІэ зыщхьэщхьыну зэрамурадыр. Апхуэдэуи хъуащ. Иджы «Капитал-тур»-р аргуэру я ящыхьэщащ лъэкІныгъэшхуэ зиІэ Іуэхущапіэхэм.

Бут Виктор кьыщхьэщож

ЛДПР-м Къэрал Думэм щиІэ фракцэм кьыхуреджэ

Урысейм Тайландым хуиІэ дипломат зэхущытыкІэхэр зэпигъэну икІи ди къэралым щыщ щІыхьэхэр абы зыгъэсэхуакІуэу кІэуну хуит ямышІыну.

«Урысейхэм апхуэдэ дыдэу я нэгу зыщІагъэхъэжь хуищІ Курил хьтІыгухэми», - жиІащ фракцэм щыщ Иванов Алексей. Абы и псалъэхэм я зэбзэщІыхьмэ, урысей хъыбар ятІупщІэ Бут Виктор хьэкІэ къызэкІагъэ Іэмалхэр, къагъэсэбэпри, Нью-Йорк яшащ. АбыкІэ къуанщэри Тайландым и унафэщІхэрщ.

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, Бут Виктор илъэситкІэ Тайландым и лъэхъуэщым щаІыгъащ Вашингтон и текъуэныгъэкІэ. ИужькІэ ар США-м иратыжащ. Бут Виктор ягъэкъуэнщІэ ІэщэкІэ сондэджэрауэ, псалъэм и хьэтыркІэ, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я бийуэ Колумбием щыІэ кьаруэр зэщІиуэздауэ.

Язныкъуэхэр арэзыкъым

Къэрал Думэр дыгъуасэ етІуанэ еджэгъэжІэ хэпльащ щэнхабзэ щІэин язныкъуэхэр дин зэгугъэныгъэхэм

Налшык къалэ дэт «Синдика» ХЬЭПІЫМ 2010 гъэм щжкІуэгъуэм и 13-м щекІуэкІащ «Урысей зэкъуэт» партым и къудамэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІынальэм щыІэм и ЗэгъэзэгъуэкІ зэІущІэхэм хэтхэм я пащхьэ тхьытІыкІыр зэмылІэужьыгъуэхэм я пІэкІэ ноутбукхэр ятынущ.

А ПСОРИ хохьэ Урысейм и информацэ Іэнатіэм зегъэужьыныкІэ стратегиемрэ «Электрон правительствэ» кьыззгъэпэщыныкІэ къаІэнкэр КъБР-м щыгъэззщІэным пыщІауэ зэфІагъэкІынуэм и планым. Проектым кьыгъэув кьащІ язныкъуэхэ дыдэхэм ящыщ республикэм щыпсэуэхэм хуащІэ къэрал Іуэхутхьэбзэхэм зегъэубгъуныр. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий** кьызэрыджИамкІэ, иджыпстэ КъБР-м и Правительствэм и **www.pravitelstvokbr.ru** пор талым къэрал Іуэхутхьэбзэу 260-м ятеуэха информацэ ильащ, абыхэм ящыщу 21-р электрон Іэмэпсымэхэр къыгъэсэбэпуэр зэфІагъэкІ. Къащтэмэ, уи унэ ущІэсу къэрал щыІэ паспорт кьеЛыхьыным е юридическэ Іэнатіэ егъэтхыным теухуа лъэІу ебгъэхь, автомашинэм и щытыкІэр кьебгъэщІэн папщІэ чэзум зыхьебгъатхэ, ГИБДД-р кьызэротхьэкъуам теухуа хьыбарым щыгъуазэ зыпщІ хъунущ, Министрым кьызэриІыгтэмкІэ, апхуэдэ Іуэхутхьэбзэхэм я бжыгъэм зэпымыуэу хэхъуэнущ, апхуэдэу дэтхэн зы цыхуэм кІэтыпитІыкІынущ езым кьеІущІыпІа Іуэхуэр здащІыІэ ведомствэмэр ар здынэсырэр.

«Къэрал менеджмент» электрон журналым «Электрон правительствэр» къэгъэсэбэпынымкІэ кьытридза рейтингым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым УФ-м и субъектхэм ящыщу етІуанэ увыпІэр иІыгъщ. Абы и лъэныкъуэкІэ дэ ди япэ итыр Тэтэрстан Республикэм и закъуэщ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Меркулов Александр зэрыжиІамкІэ, иджыблагъэ КъБР-м и Правительствэм и **www.pravitelstvokbr.ru** пор талым къэрал Іуэхутхьэбзэу 260-м ятеуэха информацэ ильащ, абыхэм ящыщу 21-р электрон Іэмэпсымэхэр къыгъэсэбэпуэр зэфІагъэкІ. Къащтэмэ, уи унэ ущІэсу къэрал щыІэ паспорт кьеЛыхьыным е юридическэ Іэнатіэ егъэтхыным теухуа лъэІу ебгъэхь, автомашинэм и щытыкІэр кьебгъэщІэн папщІэ чэзум зыхьебгъатхэ, ГИБДД-р кьызэротхьэкъуам теухуа хьыбарым щыгъуазэ зыпщІ хъунущ, Министрым кьызэриІыгтэмкІэ, апхуэдэ Іуэхутхьэбзэхэм я бжыгъэм зэпымыуэу хэхъуэнущ, апхуэдэу дэтхэн зы цыхуэм кІэтыпитІыкІынущ езым кьеІущІыпІа Іуэхуэр здащІыІэ ведомствэмэр ар здынэсырэр.

«Къэрал менеджмент» электрон журналым «Электрон правительствэр» къэгъэсэбэпынымкІэ кьытридза рейтингым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым УФ-м и субъектхэм ящыщу етІуанэ увыпІэр иІыгъщ. Абы и лъэныкъуэкІэ дэ ди япэ итыр Тэтэрстан Республикэм и закъуэщ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Меркулов Александр зэрыжиІамкІэ, иджыблагъэ КъБР-м и делегацэр Тэтэрстаным щыІащ икІи а республикэм электрон Іэмэпсымэхэр къагъэсэбэпуэр документхэр зэрыщІызыгъакІуэм щыгъуазэ зищІащ. Абы кьыхигъэщхьэхуКІащ КъБР-м и щІынальэм щыІэ Интернет сетыр зэрылажьэ псынщІагъэр тэмэму зэтрамыгъэувэмэ, мы Іуэхур хуабжьу кьыззрипІэхъэнур: «Ди провайдерхэм иджыпстэ щыІэ щытыкІэр ирамыгъэфІакІуэмэ, электрон Іэмэпсымэхэр кьэтэсэбэпынымкІэ д1 зетхэу Іуэхум мыхьэнэ пъэпкъ иІэнукьым, сыту яхьпІэмэ, документхэр зы ведомствэм кьыибгъэдэкІыу адрей ведомствэм нэсын папщІэ, илъэс бжыгъэ текІуэдэнущ».

Электрон Іэмэпсымэхэр къагъэсэбэпуэр къэрал Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІынныр куэдкІэ кьыгъэпсынщІэнущ инфраструктурэ Іэмэпсымэхэр - къэрал Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэгъэкІынным тещІыкІыхьэхэр республикэм и жылагъуэхэм щыгъэувынырэ. Меркулов Александр зэрыжиІамкІэ, документхэр электрон ІэмэпсымэхэмкІэ зегъэкІуэным и лъэныкъуэкІэ иджыпстэ ящІ ятІупщІ. КъБР-м Финансэхэмкіэ и министерствэр. Абы связым и системэщІэр ильэсым щыгъуазэ кьегъэсэбэп.

ТОЛАСОВЭ Екатерин.

Іуэхущапіэхэм ящыщ

Москва и Іутащхьэу ягъэуІуэн Собэмкіэ Сергей кьыхилъхьащ электрокъару зэрыкІуэ кІапсэхэр щІы щІагъэм щІрагъэбыдэну.

А Іуэхум хуит кьыщІынущ километр 300-м кІыхьагъ иКІи метр 600 зи бгъуагъ щІынальэр. Ар гъэзэгъ яухуэн папщІэ кьагъэсэбэп хъунущ.

ЛЪПКЪ Іуащыгъэ:

Жылэ зезыхьэр жылэ и уасэщ.

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

Псори дызыпэплъэ

Мэкъуэш Джульеттэ *(и кум)*, **абы и гъэсэнхэу Куэдэ Эльмирэрэ Лыджыдэ Залинэрэ «Адыгэ псалъэр» сыт щыгъуи яфІэхьэлэмэтщ.**

Ди щынальэм, къэралым, хамэ щыпІэхэм къыщыхьу-кьыщыщІэхэм ятеуэха къыбгъэкуэд зэрыдгъуэтэ газетхэм ящыщ «Адыгэ псалъэр». Сэри си еджакІуэхэри сыт щыгъуи ди щІэщыгъуэу доджэ икІи дыпоплъэ абы и кьыщэкІыгъэхэм.

СЭ ИЛЪЭС куэд лъандэрэ сыщолажьэ Сэрмакъ дэт курыт школ №3-м. Си Іэщдзэкъэ егъэджджыр урысібзэмрэ литературэмрэщ.

ауэ лъэпкъкІи псэкІи сызэрыадыгэм кьыхэкІыу, «Адыгэ псалъэр» сыт щыгъуи си Іэпэгъуу. Ар куэдрэ кьыщызогъэсэбэп класс сыхьэтхэм, классщІыб лэжьыгъэхэм, урысібзэмкІэ кьыдэкІ газетхэм, журналхэм я гъуэсэу. Зыми шэч кьыгъэрыкъым - урысібзэр джын, ар щІэблэм егъэщІын хуейщ. Абы и фыгъэкІэ ди гъэсэнхэр щыгъуазэ мэхъу урыс классхэм и тхыгъэ инхэм, жьаныгьэщІауи, гъащІэм кьыщагъэсэбэп бзэщ. Ар псори фІы дыдэщ, арщхьэкІэ ди анэдэлъхубзэмрэ литературэмри тщІэн хуейщ дэтхэнэ адыгэми. Ахэращи ди хабзэми, щэнхабзэми, тхыдэми щыгъуазэ дызыщыфынур. «Адыгэ псалъэр» сэрэпышхуэ мэхъу ныбжьыщІэхэм лъэпкъ гупсысэкІэ яІэу къэгъэтэджынымкІи. А Іуэхугъуэхэм ятеуха жьаІэмэт куэд идогъуатэ гъэтэн и напэкІуэцІхэу «Си еджапІэ - си кьежьапІэ», «Шыухьагъуэ», «Щыкіуар», нэгъэущІхэмри. Абыхэм еджакІуэхэм я дуней еплъыкІэр яуэзэщ, гупсысэр нэхъ куу ящІ. Псоми тфІэгъэзэщІэгъэнщ «ЩыкъухьащІ адыгэр дуненжьым», «Махуэку», нэгъэущІ напэкІуэцІ щхьэхуэхэри.

Сэри си еджакІуэхэми фІыуэ тлъагъу ди «Адыгэ псалъэ» газетым дохьэуху льэпкъым иФІ эрихэу, я зыужьыныгъэм хуэлажьэу иджыри гъэугуанэ кІыхь эпгъэшму.

МЭКЪУЭШ Джульеттэ,
егъэджакІуэ.
Дзэлыкъуэ куей, Сэрмакъ къуажэ

Ди газетыр кьыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2011 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэнІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытвдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Налогхэр зэрыралъхьэр ягъэтэмэм

Нужь зэманым Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетыр зыхэплъа законопроектхэм яхэтщ Сочэ щекIуэкIыну Олимпиадэм ехьыжьэ-сэбэпыну Iэмэпсымэхэр къэзышэхэм, уней щIапIэхэм мэкъумэщ ерыскъы кьыщызылэжьхэм налогхэм я лъэныкъуэкIэ яхудэчыхыным теухуахэр.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ и 19-м Къэрал Думэм и пленар зэIущIэм щытепсэлъыхьынущ «Налог кодексым и етIуанэ Iыхьэм и 150 статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» федеральнэ законым и проектым. Абы ипкъ иткIэ, 2014 гъэм Сочэ къалэм щрагъэкIуэкIыну Олимпиадэм ехьэлIауэ Урысей Федерацэм и гъунапкъэм кьыхэпращ Iэмэпсымэ эмэпIэмыжьыгъуэхэм папщIэ уасэм щIагъыж налогхэр щхьщахьиу я мурадщ.

- Документым кьегъэуб налогхэмкIэ апхуэдэу зыхудачыхьну Iэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ я реестрыр зэхэлъхьэныр къэралым и Правительствэр зыхуитхэм хэгъэхьэпхэу, - кьыджIащ Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетым и унафэщI Васильев Юрий. - Апхуэдэ хьэпшыпхэм хеубыдэ зэхъэзэхуэр егъэкIуэкIыным пыщIауэ кьагъэсэбэпыну спорт Iэмэпсымэр, электрон Iэмэпсымэр, спорт хьэпшып эмэмIЕуэжьыгъуэхэр. Уасэм щIагъужьым хуэзэ налогыр темыIу, тамохжэм щамытхыу, пошлинэ ямыту къэралым кьрашэ а хьэпшыпхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ зыхуэдэр, Олимпиадэр егъэкIуэкIыным ахэр нэсу кьыдзрезэгъыр нубзыхуну зи пщэ джхэр Урысейм и Правительствэрщ. Зэрыщыту къэпщтэмэ, мыбы Iэмал къыдитынущ дагъэуэдэ хьэпшыпхэр нэхъ псынщIэу гъунапкъэм кьызэпрашынмкIэ, зыкъыдэсыгъуэу мы Iэнатlэм дэлэну щылажьэ Iужьущ IапIэхэмрэ щIыху щхьэхуэхэмрэ кьаухъэранытыгъэ гъэмэщIэнымкIэ.

Апхуэдэу Къэрал Думэм япэ кьеджагъуэу хэплъэн папщIэ кьыхелъхьэ «УФ-м и Налог кодексым и етIуанэ Iыхьэм и 217 статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» федеральнэ законым и проектыр. Абы ипкъ иткIэ, уней IыапсэкIэм кьыщыдгъэжь ерыскъыхэкIым кьыпэкIуэ хэхъуэм папщIэ трапхъэ налогыр щIыхуэхэм щхьэщахьиу. Мы проектми депутатхэр щыхэплъэну я мурадщ щэкIуэгъуэм и 23-м ирагъэкIуэкIыну пленар зэIущIэм.

- Законопроектым зэритымкIэ, щIыхуэхэм уней IыапсэкIэр зэрахьэн, зрагъэужьын папщIэ бюджетым и Iэнатlэ псоми кьыхэкIыу кьаIэрыхьа ахъшэм техуэ налогыр ящхьэщыхьэн хуейщ. Апхуэдэ ахъшэм жьбыдэ жьлапхъэ, Iусыпхъэ, гъэсыныпхъэ, минеральнэ щIыгъэпщэрэр, фермер хозяйствэхэр зыхуэныкъуэхэр кьащIужьым трагъэкIуэдар, - жIеI комитетым и унафэщI Васильев Юрий. Абы кьызэритыгъэмкIэ, мы Iуэхур сэбэн хъунущ гъэмахуэм щыIа уэгъушхуэм и зэран зэкIа уней IыапсэхэмI зыкъауажьжьымыкIэ. НэгъуэщIу жьпIэмэ, уэгъуэм кьихьа зэранытыр гъэзэкIуэжьымкIэ мэкъумэщ организацхэмрэ щIыхуэхэмрэ Правительствэм кьыбгъэдэкIыну кьаIэрыхьа финанс дэIэпыкъуныгъэм папщIэ налог ятынукъым.

Абы и мыхьэнэр икъуэкIэ инщ, сыту жьпIэмэ, кьуажэдэсхэм иджырей хабзэм ипкъ иткIэ ятын хуей налогым ахъшэшхэу хуэзэнущ. Краснодар крайм и закъуэ кьапщтэмэ, абы щыщ мэкъумэщ пэкъакIуэхэм юмпенсацэу кьрата ахъшэм ихуэ ягъуэту сом мини 100-м щIигъу хуоз. Апхуэдизэ налогым ахэр мыльку ншэ зэрищIынур гурыIуэгъэщ.

Комитетым кьыхилъхьри, Къэрал Думэм и депутатхэр иджыблагъэ япэ кьеджагъуэу хэплъащ «Налог кодексым и етIуанэ Iыхьэм и 29 статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхукlэ» федеральнэ законым и проектым. Ар техуэащ саты автоматхэр кьагъэсэбэпурэ саты лэжьыгъэ кьыхьэхэм зэрагъэтрагъэхьэ щыкIэр гъэтэмэмыным. Абы Iэмал кьаритынущ автоматхэмкIэ хьэпшыпхэр щэнырыр хъуэрыгъэ и Iуэ и Iэнатlэ щхьэхуэ щIыныкIэ икIи налогхэр кьаIэрыхьэну хэхъуэм тещIыхьауэ кьэбжьыныкIэ. Абы папщIэ кьагъэув саты зэращI автоматыр ику ину мазэм хэхъуэу кьитын хуейр сом 4500-рэ хъуэу ягъуэвыну. Ипэжьпlэкlэ кьапщтэмэ, мы зэхъуэкIыныгъэм законыр кьыхэзыхыгъуэ хуей щIыкIэр нубзыхуу аращ. Нобэм кьэскIэ сату зэращI автоматхэр зяныкьуэхэм сату щIыпlэ пыухыкIахэм, адрейхэм уэрам сатум хагъэхъэ. Абы кьыхэкIыу налогхэр кьыхэзыIах щIыкIэрэ зэтехуэркъым.

Щэкlуэгъуэм и 10-м КъБР-м и Парламентым щызэхэтащ щыпlэ самоуправлением егъэщылIа Iуэхуэхэмрэ щIыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и комитетым и зэIущIэ. Ар теухуауэ щытащ КъэбэрдеI-Балъкъэрым щыхэзгъэхьэгъэзэбэпым кьитт фейдэм. ЗэIущIэр кьызэIуихри иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и ятэ къуэдзэ Жаным Руслан.

- ЦIыхУХЭР сыт щыгъуи зыгъэгъэзэвэхэм ящыщу щымрэ абы екъэлIа зэхъуэкIыныгъэхэмрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIы Iыхьэхэм ящыщ куэдыр мэкъумэщ щIэным хуэмыщIа бгыпхэ щыпlэу зэрящIытыр къэбгъэлъагъуэмэ, ди республикэм щIым теухуа Iуэхуитlуэхэм мыкIэнэщхуэ щIлщ, - кьыхиГъащащ Жаным Руслан и пэублэ псалъэм. - Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэщ зехьэныкIэ иIа зэрIэкIыр 90 гъэхэм ядэкIуэдыжащ. Арами, къэралым и жылагъуэ-политикэ ухуэхIэм емылытауэ, щыр сыт щыгъуи зехьэн, абы кIэлъыплъын хуейщ.

Зэхъыхьэм Iэхъугъуищ щызэпкърахащ. Апхуэдизэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыкъэр кьыIэрагъэсэбэпым кьит хьерыр зыхуэзизыр кьыIэрапщытэр», -90 гъэхэм уэрэ щаухуэну ята, арщхьэкIэ иджыри кьэс кьамыгъэсэбэпа щыхэр», «Жыг хадэхэр нэхь фейдэ пылъу кьэгъэсэбэпынкIэ».

Ягъэ Iуэхугъуэм теухуауэ доклад ищIащ Бахьсэн муниципальнэ районым мэкъумэщ IэнатIэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и управленэм и унафэщI **Мэршэнкьуэ Борис.**

- Мэкъумэщ щIапIэхэр фейдэ пылъу, зыхух экам тету кьэдгъэсэбэпмэ, республикэм и щIыхуэр ерыскъыпхъэхэмкIэ кьыIэзгъэпэща, социальнэ Iуэху зэIумыбзэ зэхуэмыдэхэр зэфIэгъэкIа хьунущ. Иужьрей гъэхэм екIуэкIа экономию реформэхэм мэкъумэщ IэнатIэр зэрыгъэрахьэ, абы кьит фейдэр кьыIэрапщытэ щIыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр хальхьащ икIи бэджэнд зэхуэщытыкIэхэр щагъэува нэужь, инвестицэхэр кьаршэлIащ. Иджы зи гугъу тщIы IэнатIэм мэкъумэщ (фермер) хозяйствэхэм кьищынэмышIауэ, щхьэхакъуэрылажьэ куэд, юридическэ лицохэр жьыдэхэу пэрытщ, - кьитъэлъэгъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и унафэщI **ЛIыхьугу Хьэжмурид,** КъБР-м и Правительствэм и унафэщI **Жэмыкуей Артур,** КъБКъМА-м и профессор **Кьагъыримэс Урай,** техникэ щIэныгъэхэм я доктор **Щоджэн Асльэнбэч,** Налшык кьалэ администрацэм и Iэтащхьэм и кIу эдэхэ **Тобеев Хьызыр,** «Шэджэм» ЗАО-м и унафэщI **Шаваев Артур** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым аграрнэ политикэмрэ щIы Iуэхуэхэмкlэ и комитетым и унафэщI **ЛIыхьугу Хьэжмурид,** КъБР-м кьэрал мыльку зегъэкIуэныкIэ щIы ресурсхэмкIэ и министр **Лыджыдэ Хьэбдулсэлам, м** экъуэшI IэнатIэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министрым и кIуэдзэ **Дэхьу Валерэ,** кьалэ, кьуажэ администрацхэм я Iэтащхьэхэр, абыхэм я кIуэдзэхэр, ирагъэблэгъахэр.

ТЕКIУЖЬ Зарет э.

IэнатIэр зэрырагъэфIэкIуэнум топсэлъыхь

Мэршэнкьуэ Борис кьыIэрыхиГъащамкIэ, производствэм нобэрей зэманым кьитгъэувахэм хуэщIа технологиещIэхэр кьыщыгъэсэбэпыным адрейхэм фIагъкIэ ехьэлъэу щихьныгъуэхэр кьыщIэбгъэкIыну Iэмал кьу ет, зыхуей хуабгъэ мэкъумэщ щIэным хуэмыщIа бгыпхэ щыпlэу зэрыщытыр кьэбгъэлъагъуэмэ, ди республикэм щIым теухуа Iуэхуитlуэхэм мыкIэнэщхуэ щIлщ, - кьыхиГъащащ Жаным Руслан и пэублэ псалъэм. - Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэщ зехьэныкIэ иIа зэрIэкIыр 90 гъэхэм ядэкIуэдыжащ. Арами, къэралым и жылагъуэ-политикэ ухуэхIэм емылытауэ, щыр сыт щыгъуи зехьэн, абы кIэлъыплъын хуейщ.

Зэхъыхьэм Iэхъугъуищ щызэпкърахащ. Апхуэдизэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыкъэр кьыIэрагъэсэбэпым кьит хьерыр зыхуэзизыр кьыIэрапщытэр», -90 гъэхэм уэрэ щаухуэну ята, арщхьэкIэ иджыри кьэс кьамыгъэсэбэпа щыхэр», «Жыг хадэхэр нэхь фейдэ пылъу кьэгъэсэбэпынкIэ».

Ягъэ Iуэхугъуэм теухуауэ доклад ищIащ Бахьсэн муниципальнэ районым мэкъумэщ IэнатIэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и управленэм и унафэщI **Мэршэнкьуэ Борис.**

- Мэкъумэщ щIапIэхэр фейдэ пылъу, зыхух экам тету кьэдгъэсэбэпмэ, республикэм и щIыхуэр ерыскъыпхъэхэмкIэ кьыIэзгъэпэща, социальнэ Iуэху зэIумыбзэ зэхуэмыдэхэр зэфIэгъэкIа хьунущ. Иужьрей гъэхэм екIуэкIа экономию реформэхэм мэкъумэщ IэнатIэр зэрыгъэрахьэ, абы кьит фейдэр кьыIэрапщытэ щIыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр хальхьащ икIи бэджэнд зэхуэщытыкIэхэр щагъэува нэужь, инвестицэхэр кьаршэлIащ. Иджы зи гугъу тщIы IэнатIэм мэкъумэщ (фермер) хозяйствэхэм кьищынэмышIауэ, щхьэхакъуэрылажьэ куэд, юридическэ лицохэр жьыдэхэу пэрытщ, - кьитъэлъэгъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и унафэщI **ЛIыхьугу Хьэжмурид,** КъБР-м и Правительствэм и унафэщI **Жэмыкуей Артур,** КъБКъМА-м и профессор **Кьагъыримэс Урай,** техникэ щIэныгъэхэм я доктор **Щоджэн Асльэнбэч,** Налшык кьалэ администрацэм и Iэтащхьэм и кIуэдзэ **Тобеев Хьызыр,** «Шэджэм» ЗАО-м и унафэщI **Шаваев Артур** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым аграрнэ политикэмрэ щIы Iуэхуэхэмкlэ и комитетым и унафэщI **ЛIыхьугу Хьэжмурид,** КъБР-м кьэрал мыльку зегъэкIуэныкIэ щIы ресурсхэмкIэ и министр **Лыджыдэ Хьэбдулсэлам, м** экъуэшI IэнатIэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министрым и кIуэдзэ **Дэхьу Валерэ,** кьалэ, кьуажэ администрацхэм я Iэтащхьэхэр, абыхэм я кIуэдзэхэр, ирагъэблэгъахэр.

ТЕКIУЖЬ Зарет э.

● КъБР-м и Парламентым

Налшык кьалэ дэт 5-нэ курыт школым и еджакIуэ нэхьыфIхэр КъБР-м и Парламентым щыIащ икIи Хабзэгъэув органым и лэжьакIуэхэм яIущIащ.

ПАРЛАМЕНТЫМ и Унафэщым и кьуэдзэ **Саенко Татьянэ,** ЩIалэгъуалэ Iуэхухэмкlэ, жьлагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкъуэ ЩIалэгъуэ Iэнатlэхэмкlэ комитетым и Iэтащхьэ **Хьэщхьуэжь Татьянэ** сымэ школакIуэхэм яхутепсэлъыхьащ республикэм и парламентгарIэмыр кьызэрежьам, абы зэрызэужьам, иджырей хабзэгъэув Iуэхуэщ IапIэм и лэжьакIэм.

Апхуэдэ зэIущIэхэр сэбэнщ. Псалъэм кьыдэкIуэу щыIащ. Щалэгъуалэм зыщагъэгъуазэ республикэ властым и лэжьыгъэхэм, езы депутатхэми ныбжьыщIэхэм я гупсысэкIэмрэ ягу щIэныкъуэхэмрэ зрагъащIэ.

ЩIалэхэмрэ ищащхэмрэ щIэуэщIащ депутат уэхун папщIэ зыхэпщIыкIын хуейкъым, школыр тхьэмахуэм махуитху фIэкIа мылажьэу зэтебубгъ хъунрэ-мыхъунрэ, Налшык и уэрамхэм пхъэнкIийэр и чэзум дегъэшыныр зи кьалэнхэм я Iуэхумкlэ зэуапльныныгъэ нэс зэрахьыпхъэм, нэгъуэщIхэми.

ШкодакIуэхэм нэхъ яфIэгъэщIэгъуэн хъуащ КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэр. Абы и унафэщI **Шышш Асльэн** къызэхуэсахэм яжриIащ ЩIалэгъуалэ палатэм и кьудамэ школхэм кьыщызэIуахыным теухуа проектым зэрелэжьыр.

Парламентым и пресс-Iуэхущ IапIэм и лэжьакIуэ **Урысмамбэт Бэллэ** дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, зэIущIэр ягу ирихьарэ иримыхьарэ IэIэткIэ зэхъэлъэгъуащ ныбжьыщIэхэм, депутатхэм я зэIущIэхэр щекIуэкI пэщым щIэт системэр кьагъэсэбэпри. Псоми зэхуэдэу ягу зэрыдыхьар бжьыгъэм кьызэрагъэлъегъуам, еджакIуэхэм я жьгъуэгъагъым тепщIыхьмэ, апхуэдэ зэIущIэхэр дяпэкIи екIуэкIынущ.

ШЫПШ Даниэ.

Хабзэгъэувхэм я деж сабийхэр щохьэщIэ



ЗэIущIэр ирегъэкIуэкI Саенко Татьянэ, абы кьыбгъэдэсхэщ Дадэ МуIэдэр Хьэщхьуэжь Татьянэрэ.

Сабийхэм псори яфIэгъэщIэгъуэнт.

● Прохладнэ куей

Унагъуэ 67-рэ

Прохладнэ кьалэм дэт унибэ Iэпщащхэу, зобгъэпэщыжьынкIэ Iэмал лъэпкъ щымыIэу кьадэхьащ. Фэлэр куэду зэхэ т унэжьм щыпсэуэхэр унэщIэжьм ягъэIэпхъэунущ, унэжьхэм щыхуэхэр кьыщIэзгъэIэпхъэкIыным техуауэ ягъэзащIэ программэм ипкъ иткIэ.

А IУЭХУМ хуауIыпщар сом мелуан 20-рэ мин 512,8-рэ мэхъу. Ахъшэр зейр ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэхэр щегъэкIуэкIыным дэIэпыкъунымкIэ фондымрэ республикэм и бюджетымрэщ.

Прохладнэ кьалэ администрацэм иджыблагъэ щызэIущIащ унэжьм щыпсэуэхэмрэ Прохладнэ и УЖКХ-м и унафэщI кьалэнхэр зыгъэзащIэ Махонин Дмитрийрэ. Абы зэхуэсахэм зэрэжриIамкIэ, ягъэIэпхъэхэм папщIэ етIуанэ унэр кьат куэду зэгтетыр) ухэн щIадзащ, яIэ унэри мыгувэу хьэзыр хъунущ. Абы и дэтхэнэ фэтэрри щхьэхуэу зэрагъэпIъ, газу, псыуэ кьагъэсэбэпыр кьызэрабж Iэмэпсымэхэмкlэ, пластикым кьыхэщIыкIа щхьэгъубж эхэмкlэ, бжэ тэмэмхэмкlэ кьызэгъэпэщащ, щыхъэйр Рихтер и пщалъэмкlэ баллийм щимыгъуэ, унэм и дежкIэ щынагъуэ щыIэжьым.

Мыгувэу унэщIэм ягъэIэпхъэнущ унагъуэ 67-рэ.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

● ТхылъыщIэ

Узыщыгуфlыкlэ хъун

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ школ программэщIэм тету адыгэ литературэр 9-нэ классым зэрыщаджьы учебник-хрестоматие. ИпэкIэ кьыдэкIа апхуэдэ тхылъхэм еплъытмэ, мы учебникым хэлъщ узыщыгуфlыкlым Iуэхугъуэ зэрыщIэ.

ТХЫЛЪЫМ и ухуэкIэм, зэхэлъыкIэм уеплъмэ, ар егупсыу зэрагъэхьэзырам гу лъыботэ. Абы ихуа тхыгъэхэр зэрегъэджыхьэ методикэми щыгъэувa упщIэхэмрэ лэжьыгъэхэмри арэзы утекIуэу хъунущ. Ахэр епхащ я ныбжь елъытауэ еджакIуэ щыкIухэм яIэ зэхэщIыкIым. Апхуэдэу тхылъыр хъарзынэу гъэщIэрэщIащ. Ар плъыфэ зыбжанэу зэрызэхэлъым, тхылъымпIэфIкIэ зэрытредзам куэдкIэ нэхъ щIэщыгъуэ ещI. Тхыгъэхэм ящыгъу сурэтхэри щхьэпэ дыдэ мэхъу егъэджэныгъэ пажьыгъэр нэхъ тэмэму, кьызыхуэтыншэу убзыхуным кIэ. А псомкIи тхылъыщIэр йохьэйохуэ къэралым и тхылъ тедзапIэ нэхьифIхэм къызыщыдзкI зэреджэ пособиехэм.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм къыщыщIэдзауэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэурэ зыбжанэрэ кьыщIэкIыжащ мы тхылъыр. Иужьрейр хэпщIыкIыу зэрыраГъэфIэкIуэр нэрылъагъу ящыхъуащ лъэпкъ литературэр кьрыт школхэм щезыгъэдж Iэщ Iагъэлъхэми. Ауэ щыхъукIи, тхылъым и щыщIэныгъэ мащIэхэми кIэщIу сакьытеувыIэнщ. Ахэр ящыщ литературэм и теориер нэсу зэрызэпкърымыхам, щапхъэхэр абы кьызыхуэтыншэу кьызэрыщымыхьам. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, эпитетым и щапхъэ щыуагъэкIэ метафорэр кьызэрыщащахьыр («*дыщэ* пхъуантэ», «дадэ *дыщэ*», н. Ахэр яхэбгъэгъуащэ хъунукъым «*дыщэ* сыхэт», «*дыщэ* Iэлъын» эпитетхэм). ТхакIуэхэм ятеуха очеркхэу тхылъым ихуахэм я нэхъыбэм хэтхъым ахэр къыщалъхуа (дунейм щехыжа) махуэхэмрэ мазэхэмрэ.

А ныкъусаныгъэ мащIэхэм тхылъым и мыхьэнэри и пщIэри ягъэлъахьэрэ къым икIи фIыщIэ ихуэфащэщ тхылъыр зыгъэхьэзырахэм.

ЕРЖЬБ Аслъэн.

● Узыншагъэ

Лъы зытхэм къахохьуэ

Урысей Федерацэм Узыншагъэр хъумэныныр социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэмрэ Федеральнэ медико-биологие агентствэмрэ лъы тыным теухуауэ зэхалъхьа программэ инри 2008 гъэ лъандэрэ мэлажьэ. Мы илъэсым абы хыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрри.

ЛЪЫ ЩАТ республикэ станцым а лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ кьыIэрыхьащ медицинэ, лабораторэ, компьютер Iэмэпсымэу сом мелуани 112-рэ и уасэ. Апхуэдэуи абы къратащ сом мелуан 41,9-рэ зи уасэ, лъы щыIах ягъэIэпхъуэ хъу станц щхьэхуэ. Ар пэш зыбжанэу зэхэтщ. Псалъэм папщIэ, абы иIэщ зыщагъэнсхэу, я IэхъуэмкIэ щIэту. Лъы щат Iуэхуэщ IапIэм и сайтри мэлажьэ - **www.yadonor.ru.** Япэу лъы зытыныхэм ящIэн хуей хъыбарэхэр псори зэхэхауэ а сайтым кьыщагъуэтынущ. Апхуэдэу, адэ-анэхэм я лъэIукIэ, «Лъы тыным теухуауэ сабийхэм ящIэн хуейр» жиIэу сайтым Iыхьэ щхьэхуэри кьыщызэрагъэпэщащ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныныкIэ и министерствэр мэгугъэ ягъэIэпхъуэ хъу лабораторэр кьагъэсэбэпу, республикэм и Iуэхущ IапIэ зэхуэмыдэхэр щыIах тыным жыджэру хэтыну. Апхуэдэхэм упщIэ гуэрхэр яIэмэ, КъБР-м Узыншагъэр хъумэныныкIэ и министерствэм е Лъы щат республикэ станцым псалъэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: **8(8662) 47-64-11, 47-31-61, 47-26-46.**

Фигу къэдгъэкIыжынщи, УФ-м Узыншагъэр хъумэныныр социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм Урысейм и щIыналъэхэм лъы тыным зыщегъэужьыныкIэ ирихьэжьа Iуэхур иокIуэкI, «Зыхуэзфlэкlынур щIихурщ», кьыхуеджэныгъэм щIэту. Лъы щат Iуэхущ IапIэм и сайтри мэлажьэ - **www.yadonor.ru.** Япэу лъы зытыныхэм ящIэн хуей хъыбарэхэр псори зэхэхауэ а сайтым кьыщагъуэтынущ. Апхуэдэу, адэ-анэхэм я лъэIукIэ, «Лъы тыным теухуауэ сабийхэм ящIэн хуейр» жиIэу сайтым Iыхьэ щхьэхуэри кьыщызэрагъэпэщащ.

МЭКЪУЗЫЕ Эммэ.

Пыхусыхум фыпэщIэт

Полиомиелитым щызыхъуэмэ хущхъуэкIэ сабийхэм щрахьэIэ япэ Iыхьэр Налшык щызэфIэкIащ. Iуэхум адэ-анэхэр жыджэру зэрыхэтам и фIыгъэкIэ, медицинэ Iуэхущ IапIэхэм я кьалэныр процент 95-100-кIэ зэгъэзэщащ. ЩэкIуэгъуэм и 29-м щыщIэдзауэ дыгъэзагъэм и 3 пщIондэ полиомиелитым и хущхъуэкIэ сабийхэм ехьэлIэным и етIуанэ Iыхьэр екIуэкIынущ. Адэ-анэхэм ящIэн хуейщ температурэ хьагъ иIэу а хущхъуэкIэ сабийм иумыхьэлIэмэ, абы зэранигъэ дъэпкъ кьызэримышэнур.

УЗЫНШАГЪЭР хъумэныныкIэ кьалэ кьудамэмрэ Налшык щIыпlэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и департаментымрэ зэгъуэсу иджыпсту яужь итщ пыхусыху кьаймыуэлIэн папщIэ мастэ зыхегъэIуным и мыхьэнэр сабийхэм кьагурыгъэIуэным. Узыншагъэр хъумэныныкIэ кьалэ кьудамэм хъыбар кьызэрыдитэщIамкIэ, медицинэ Iуэхущ IапIэхэм псоми ирикъуу «Гриппол» препаратыр кьаIэрыхьащ. А мастэр зыхеэзыгъалъхьэхэм я Iэпкълъэпкъыр мазэ 12-кIэ пыхусыхум пэщIэтыфынущ. Абы хуэдэ адрей хущхъуэхэм хъащхьащыкIыу, «Гриппол»-м пыхусыху антигену хэлъыр хуэди 3-кIэ нэхъ мащIэщ, апхуэдэуи нэгъуэщI узыфэ зэрыщIалэхэми ущихьымэнущ. Илъэс кьэс пыхусыху лIэужьыгъуэм зэрызэхъуэжьым еольтауэ, Узыншагъэр хъумэныныкIэ зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ, а хущхъуэм и зэхэлъыкIэр яхъуэж, апхуэдэ щIыкIэкIэ ирагъэфIакIуэу.

«Гриппол» хущхъуэр мазих си ныбжь сабийм деж кьыщыщIэдзауэ псоми зрахьэIэ хъунущ, ауэ щIыхуэ ущхьэхуэ ящIэн щыкIэ дохутырым еЧэндэжщIэхэщ.

Апхуэдэу а мастэр техьэгъуэ, уэ гъэтIылъа, зэрыцIалэ, аллергие зиIэхэм зыхрагъэIу хъунукъым.

Полиомиелитым и хущхъуэхэр етIуанэ зэу сабийхэм щрахьэIэкIэ, абы щIыгъуу пыхусыхум щызыхъумэ мастэри хебгъэIумэ зэхрагъанэщ, Балигъэмэ сабийхэмэ а хущхъуэр пщIэншэу халъхьэнущ.

ДЗЭМЫХЬ Лиэ.

Бгырыс ислъэмейр ерызащIэ КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артист Дзыхьмыщ Къэралбий. *1978 гъэ*

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Къужэ

Уэгъум и удыныр

**Гъэмаху зр ху эбашэу зэрыщытам и зэран Урысейм къокI. КъэкIыгъэ псоми я бэвагъым кIэрыхуащ. Iыку знэм уасэх зм щыорхъуэ. Мыгъэрей уэгър жьэхэуэнущ кьэкIуэну ильэсми. УФ-м Мэкъумэш Iэнатlэмрэ ерыскыкъхьэх эмкIэ и минист ерсгъэм и Iэтащхэ Скрынник Еленэ зэрыхуигъэфащэмкIэ, уэшх машIэ дыдэ фIэкIа кьыдэремышхам кьыхэкIыу бжьыбхъэсхэр зэрыхъужьыну гектар мелуан 15-ш, зэрыщыт хабзэ гектар мелуан 18-м и пIэкIэ. Гъатхэсэм кьыпхуищIэныншу зэрыщэсым. IэшIагъэлъэм кьалыгъэ 2011 гъэм Урысейм гъавэ тонн мелуан 80 - 85-м нэхъыбэ кьыщрагъкъыIэну. Абы щыгъэмэ, ди къэралым 2008 гъэм тонн мелуани 108,1-рэ, 2009 гъэм тонн мелуан 97-рэ иIащ. Зи гугъу тщIы минисгъэрствэм кьелъытэ мы гъэм тонн мелуан 65-м нэ хьрэ нэкьыбэ кьыщрамыхьэлIэну. Аплхуэдэу щыщыткIэ, щIакъуэм, хадэхэкIэм, курпIэхэм я уасэхэр дэкIуеинущ. Мыбдеж кьыщыгъэ лъэгу энш Дунеепсо сату зэгъуэнныгъэм хьыхьэным зэрыщыгугъым кьыхэкIыу, къэралыр кьуэк эм зэрыдэIэпыкъуэм дэIыгъыным зы ильэсым хуиутIыпш ахьышэр Урысейм хуэдитIкIэ щагъэмэщIэну зэрыщашамурадыр - нэгъэщIу жьипIэмэ, доллар мелярди 9-м и пIэкIэ Iэрыхьэнур мелярди 4,5-рэщ.

Мэкъумэшыщ Iэхэр сыт хуэдэ щыкIэкIэ апхуэдэ щытыкIэм кьикIыфыну? Абы топсэльыхь мы Iуэхум куу уэхэзыщыкI журналист щIэрыпу Леонтьев Григорий. Ар ильэс куэд хьуауэ щопсэу Курган областым щыIэ Вохменкэ кьуаажэм.

Мэкъумэш

Урысейм и кьуажэ пхыдзар зэрыпсэуэр зэбгъэщIэн папщIэ телевизор уеплын хуейкъым - щIыпIэ мафIэгу уиту сыхьэт зыбжанэкIэ укIуэмэ е райцентрым автобус ущыпэплъэмэ, Iуэхур зэфIэкIынущ. Псори нэхъыбэу зытепсэльыхьыр ерыскыпхьэхэм я уасэхэм зэрыкъэхъуар. Абы щыгъуэми, а псори кьыдзыхащIыкIар нэгъабзэрей ерыскыпхьэхэрщ. Араш улахуэ е пенсэ мащIэ дыдэ фIэкIа зрамыт щыхуэхм гъавэ гъэтIылъыгъэр Урысейм и Iэу, щIакъуэм и I уасэм хэмыхьэуну къэралым и унафэщIхэм жалэхэр я фIэщ щIэмыхьэр.ИкIи я фIэщ хьунукъым. Щхьэусыгъуэр кьыдзэрагъэкIуэну: унафэщIхэрэкIым, атIэ езыхэращ мис а тыкуэнхэм кIуэр. Ялъагъу уасэхэр кьэзыгъэльагъуэ тхылъымпIэ щIыкIуэр махуэ кьэс зэрызэрахъуэкIыр.

Мы гъэр гугъуу зэрыщытынур ди деж, Курган областым, кьащыгурыIуащ гъэмахуэм - гуэдз центнер 20-м и пIэкIэ зы гектарым кьыщIалъкIыр центнери 8-т, Ардыдзэр кьыщыщIащ кIэртIофми. Аущ мыбыкIэ кьуаншэр езы кьуажэдэсхэрщ. Псы щамыгъэхьэмэ, кIэртIофым бэвагъкIэ ущыщIыгугъын щыIэкъым.

Дэ ди Вохменкэ кьуажэр зэрамиткIэ Iусщ гуэлышхуэм и Iуфэм. Псыр куэдыкIейщ - узыхуеуейм хуэдиз хьэсхэм щIэгъэхьэ. АрщхьэкIэ унагъуи 156-м щыщу зи хадэхэр псыкIэ зыгъэнщIыр 10-м щIигъуркъым. Адрейхэр узгъум тохъущIыхь. Дэ ди щIыр Iейкъым, хуабащэу щытми, псыкIэ уегугъумэ, хадэхэкIэхэр пхуэбгъэгъэнущ. КIэщIу жьипIэмэ, ахьшэфI кьыщыпхуэлэжьынущ. АрщхьэкIэ мэщхъэх, властым IехъущIыжьынэхъ кьащтэ: псы зэрыщIагъэльадэ Iэмэпсымэ псори зэхэригъэдыгъуэри, гъущIыкIэ Iыхьпlэхэм ирыригъэтыжащ. Аращи, псори уэгъум тебгъащIэ кьунукъым.

Зыри зэфIигъэкIыркъым

Илъэсипщ кьэс гъитI-гъищкIэ диджей уэгъу кьыз зэрыщыхъур зыщагъэгъупщэ. Уэгъум упльэщынукъым, ауэ абы и удынхэр зэрыбгъэщэбэфыну Iэмалхэр щыIэщ.

Ахэр ящIэн хуейщ эжьуэмэщIыпIэхэм унафэщIхэмя мызакъуэу щIыпIэ я ластми. Ауэ сыт дэ тIыгъур? Ди гъэзэщIакIуэ я властыр дыкъуакъуэщ - зы кьудамэр я гъэув, адрейр хах. Аращи, Урысейм Iуэкуэр щызэхъэзэрыкъ.

Къэтщтэнщ ди кьуажэ Советыр. Абы и щIынальэм щопсэу щIыкIу 1020-рэ. Администрацэм щолажьэ щIыхуи 6. Зэрыгурыпсыгъуэщи, ахьшэр хуабжьу кьомэщIэкI. Ди жьлагъуэм и щIыпIэ Iэрэжьм ильэс зыкъом хъуауэ фIейр самэшхуэу щызэгъэльщ. Гъатхэм гуэлым и Iуфэм кьыIуихьащ бдзэжькIей лIаехэр - километрищ и кIыхьагъэ ищу ягъуэгъэнущ. И мэм диукIырт, арщхьэкIэ администрацэм Iуфэр ирыригъэкъэбзэфакъым ахьшэ зэримыIэм кьыкIэкIыну.

Ижьблагъэ мафIэ щIэнащ гуэл Iуфэ дыдэм Iут унэм. МафIэ зэрагъэнжьыфI машинэ нэ кьэжащ, арщхьэкIэ псы иригъэхъуэфакъым бгъэдыхьэпIэ закъуэм пхъэбгъуэхэр зэрытемылъым кьыкIэкIыу. Унэр мафIэм исащ.

Абы щыгъуэми, автомашинэшхуэхэм кьуажэ Советым и щIынальэм мазэ кьэс пхъэ кубометр минкIэр ираш ящэн папщIэ. Абы-хэм я хьэлъагъым асфальт гъуэгуэхэр зэхатъэщащэ, арщхьэкIэ щIыпIэ вгъэсыгъ хуэзэфIэкIыркъым «мэзыр зейхэм» асфальтыр зэрагъэпэщыжыну.

Администрацэм и Iэтащхэр кьуажэкIым щыпсэухэм Iэ IэткIэ хахащ. Ауэ абы хуэзэфIэкIыркъым «езым» и щIынальэм гъжьыгъэр тэмэму щызэтриуэжьн.

Администрацэм и Iэтащхэм унафэ зыхуищIыфIыр езым и гъжьыдуэхэм я закъуэу жьыIэмэ, щыуагъэ хъунукъым. И кассэм ахьшэ гуэрри щIимылъкIэ, абы унафэ Iэщ Iэрэ Iэщ Iэмэыльрэ утепсэльыхьынырэ делагъэщ.

Лажьэхэмрэ шхэхэмрэ

Урысейм щыIэ влаСть уху зкIэр пирамидэ итIам хуэдэщ. Абы и папщIапIэм фIэсыр гуащIэрыпсэухэм ящыщу кьэнэжахэрщ. Абы-хэм ящхьэщIтщ мывэ икIи мысэ, сэбэп хьун гуэрри кьэзымылэжь цIыхухэр. Ахэр зыхуей псори ягъуэту мэпсэу «Iыгъ Iэнатlэм» и фIыгъэкIэ. Аэр процент 80-м нысэрохэрэщ. ГуащIэрыпсэухэм я бжьыгъэм фIэрсоу, абы-хэм ящыщ куэдыр лэжьапIэнщхэм яхохьэ.

Тепльаджэмэ, капитализмэм кьигъэзэжамэ, Урысейм кьыдэгъэ уэгурыкIуэ цIэ хэри фIэщыщкIэм хуейщ: гуфIэгъэ, уэзд, волость. А цIыхэр Конституцэкlэ щIэтъбыдзэн, зэгъэр зэрыщытам хуэдиз зэмсхэу угъаравхэм влаСть тэмэм етыжьын, абыхэм лъэжьынигъэ ябгъэдэлъынр папщIэ я щIынальэхэм кьыщалэжьынм и процент 50-р ялыысын хуейщ.

Мис итIанэ ищхьэкIэ щIыIэ в ластыр цIыхубэм пэгъунэгъуэ хъунущ. Дэтхэнэ цIыхуми апхуэдэ влаСтым лщIэ хуищынущ.

Абы папщIэ батэр гъэшIэн хуейкъым: мыр гугъуехьышхуэ хэмылъу зэбгъэхуэлIэфынуэ Iуэхуущ. Ауэ итIанэ си гъунэгъуэр илъэситlкIэ райцентрым кIуэнукъым езыхэм я лъапсэхэр зэрейм щыхьэт техъуэ тхылъхэр зэрагъэпэщын папщIэ. Мылъкур зейр компьютеркIэ езы кьуажэм щызэхагъэкIыфынущ.

Дэ дызыхуейхэр дэ дощIэж. Кремлым укьипплькIкIэ плъагъунукъым дэ дызыхуэнынкьуэхэр. Кьару зыбгъэдэлъ щIыпIэ влаСтым дэтхэнэми зыщIигъэкъуэфынущ иритхьэжьа Iуэхуфыр пхигъэкIынымкIэ. Ар абы и кассэми кьыхуэщхьэпэнущ. Гъжьы куэдэуи кьулыкъущIэ куэд дыхуеинукъым.

Мыпхуэдэу дыкIуэмэ...

XVII лIэщIыгъуэм инджылыз экономист Питт У. итхьгъащ: «Лъ жьыгъэр кьу леигъэм и адэщ, щIыр абы и анэщ». Ар пэжщ, ауэ Урысейм ар кьащIыгурыIуэркъым. БлэкIа лIэщIыгъуэм кьуэкIуэрэхэр зэса псэуфдэр зэрарахъуэкIащ, 1992 гъэм щIадзащ, сыт хуэдэу щымытами, кьэралыр зыгъашхэу щыта колхозхэмрэ совхозхэмрэ зэхэкъутэн. Аргуэрыжьти, мэкъумэш Iэнатlэр зэтрагъэщхащ кьаанэ щымыIэу. АрщхьэкIэ щIэуэ зыри кьызэрагъэпэщакъым. Иджы мэкъумэшыщIэхэр правительствэм щогугъэ фIэнбэ Iэдар зыхуэзгъэнэ щIыр ильагъуэмэ, и гупэр кьуажэм хуигъэзэжынкIэ. Мыпхуэдэу екIуэкIмэ, ильэс зыбжанэкIэ Урысейм и мэкъумэш Iэнатlэр хэкIуэдэжьынэщ. Кьэралым зыгуэр тIэкIуэр кьэрымыттэмэ, иджыпс тиу лIауэ жьипIэ хуэнут.

«Аргументы недели».

*Сабий хирургиемрэ травматологиемкIэ Москва щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и упафэщI Рошаль Леонид 1933 гъэм Орел областым щыIэ Ливны къалэм къыщалъхуащ, профессорщ. Урысейм и Лъэкъ медицинэ палатэм и президентщ. «Дунейм и сабий дохутыр»,

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Гъэлъэгъуэныгъэм хэтхэм Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Лоугуа Нугзаррэ *(сэмэгумкIэ щытщ)* **республикэм и Сурэтыщ1эм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Дженния Виталинрэ** *(ижьыкIэ)* **я гъусэу.**

***Упщ1эм елэжьхэм я Iэдакъэщ1экIэхэр дызэрыт нтъэсым и щ1ыпызI мазэм ящэу Налшык щагум л1ьэгъуат. А зэлуI1эм кърихьэл1ахэр щыгъуазэ тщIат «Мищ1эм къикIуа гъэзгуанэ» проектыр 2010 гъэм кърубыдыгъ гъунэгъу республикэхэм я кIыалэ зыбжанэм тизну дызэримурадым. Ижь - ижьыж л1ьанд3рэ бгырыс л1ъэпкъхэм кьадекIуэкI Iэщ1агъэ дахэр - упщIэ гъэпц1эныр - къэзыгъэщ1эрэщ1эж сурэтыщI ныбжьыщ1эхэм я Iэрыкl1эр гъатхэм дэ щыдгъэлъэгъуащ Къуэкlыпlэм и музей Москва дэтым Мейкъуапэ къал3м щиIэ къудамэм. Иджы мы махуэхэм дыщыщ1ащ Абхъаз Республикэм.*

Упщ1эм къикIуа гъэзгуанэ кIыхьыр

Къэрал ныпым и теплъэр

ЕГЪЭЛЕИНЫГЪЭ л1ъэпкъ хэмыльу жыпIэ хъунущ Абхъазым и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и гъэлъэгъуапIэ пэшитIри зыубыда л1ъэжьыгъэхэм ел1ъа псори дихьэхауэ. «Дэ куэдрэ кIыхьыдогъэпэщ живопись, графикэ Iэдакъэщ1экIэхэр утыку къыщ1итхьэ гъэлъэгъуэныгъэхэр, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, декоративно-прикладнэ Iуэдзэм и хьэпшып1эхэр кIуэ пIэми нэхьмащ1э мэхьу», - жиIащ Абхъазым и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Дженния Виталиндж. ИкIи кыхигъащ1ащ иджырей щ1алэгъуалэм апхуэдизу Iэпщ1эльапщ1эхэр зэрахэтым зэрыщ1агуфыкIыр, абыхэм я Iэдакъэщ1экIэхэр гъэщ1эгъэну, художественнэ Iэзагъ хэлъу зэрыщ1ар.

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщ1ыз1уахьы зыкъраГъэхьэл1ат Абхъаз Республикэм и Правительствэм хэтхэм, жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм я л1ыкIуэхэм, сурэтыщ1хэм, тхакIуэхэм, журналистхэм. Абыхэм зрагъэщ1ыхуащ л3жьыгъэхэр зей хьыдджэзыхрэ - Бекъуал Лаурэ, Тхьэкlумащ1э Iанэ, Елей Миланэ, Токаревэ Наталье, Щокъарэ Дианэ, иджы къэсыху Iуэхум сурэтгъэхыу хэта Къарей Элинэ. Сыхьум гъэлъэгъуэныгъэм къэкIуа журналистхэм Элинэ фIэкIа Iэуху я1э тэкъым, сыту жыпIэмэ абы и я1э упщIэ Iэдакъэщ1экIыр (иджыкIэ а зырщ1ыр) зытриухуар Абхъазым и къэрал ныпырщ. Псори зэхэту утыку кърахьа л3жьыгъэ 40-м щ1ыщу 10-р я1эу ягъэльагъуэу арат.

Уэрамхэм къыщ1ацIыхурт

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭР къызэIуамых щ1ыкIэ «Абаза ТВ» телевиденэм кьигъэльэгъуащ ди сурэтыщ1хэм теуху хэтын кIэщ1, ди хьыджэбз нэфIэгуфIэхэм пхъэбгъуэхэр езыхэм зэпахьыурэ упщ1э алэрыбгъуэхэр, л1ьэгъупхьуэ хэр абыхэм кIэраукIэу, сурэтхэр фIадзэу. Сэ къызэрыщ1ыхьумкIэ, абдеж щегъэжьауэ ахэр ягу ирихьат гъуазджэм и л3жьыгъэхэр зей хьыджэбзхэм - Бекъуал Лаурэ, Тхьэкlумащ1э Iанэ, Елей Миланэ, Токаревэ Наталье, Щокъарэ Дианэ, иджы къэсыху Iуэхум сурэтгъэхыу хэта Къарей Элинэ. Сыхьум зэбзэкI тхьигъэхэр газетхэм къытехуащ, сайтхэм иратхащ... Сыхьум и уэрамхэм къыщ1ацIыхуу хуёжьащ тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ щ1эх-щ1эхьыурэ гуп дыгъэлу къал3м къыщ1ызыкIухьа хьыджэбзхэр.

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэгъэпэщ1ынымкIэ дэ кьыдд3лэпыкъащ Абхъазым и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Дженния Виталий, Центральнэ гъэлъэгъуэныгъэ пэщым и унафэщI Арсалия Эльвирэ, гъукIэ, Iэщ1э-фащэ зыщI Дзидзария Тимур. Дэ ди гъусащ ди хэкIуэгъу, КъБР-м и цIыхубэ артист, Абхъаз зауэм хэта, Абхъаз-адыгэ щэнхабзэ Iуэхущ1апIэм и унафэщI Битокъу Аслъэнбэч. ЕгъэлеIуэ гуапэу къытIущ1ащ Абхъаз-абазэ дунейпсо ассоциацэм и генеральнэ секретарь, «Абаза» журналым и редактор нэхъыщ1хэ Аламия Геннадий, усакIуэ, публицист, «Абхазия - Северный Кавказ» щэнхабзэ фондым и тхьэмадэ Зантария Владимир, Абхъаз къэрал театрым и актер Сангулия Сырбей, сурэтыщ1хэу Хурхумал Iялярэ Аджинджал Зоерэ.

Къарей Элинэ и л3жьыгъэр.

Щэнхабзэмкl1э министрым дрегъэблагъэ

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭР къыщ1ызэIуахэ махуэм упщ1эхэм гупсэхуу епльащ, ахэр зыщ1ахэр зригъэщ1ыхуащ Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Лоугуа Нугзар икIи етIуанэ махуэм и л3жьыгъэхэм дригъэблэгъащ. Абы и пэщыр ягъэдаахэрт езы министрым и Iэдакъэщ1экI сурэтхэм. Ахэр псоми ягу ирихьащ. Хьэщ1эхэм ар къытхуэупсащ абхъаз сурэтыщ1 цIэрыIуэ Чачбэ (Шёрвашидзе) Александр и л3жьыгъэхэр щыз3хуэхьэса альбом зырызкIэ. «Гъэлъэгъуэныгъэм гукъыдж къызитащ. Пэжыр жысIэнщи, упщIэ алэрыбгъухэр, хьэпшып1эхэр къашэнущ щыжаIам сыгуфIат, ауэ сызыпэплъэм сльэгъуар зэрефIэкIым нэхъри сигъэгущхуащ, - къыджиIащ Лоугуа Нугзар. - Iъэпкъ дамыгъэхэр абыхэм къызэрыщыгъэльэгъуам къеIуатэ ахэр зейхэм щ1эблэм пщIэ зэрыхуищ1ыр. Апхуэдэуи пльыфхэм я зэщ1эжьыуэм уи нэр ягъэгуфIэ, уи псэр яхьэху. Сэ сызэрепльымкIэ, ди сурэтыщ1хэм дежкIэ фи гъэльэгъуэныгъэр щапхъэфIщ». Ди псэпльэтым къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр щ1ыхуэ зэчии-фIэхэмкIэ зэрыкъуалЕр, дизайнер ныбжьыщ1эхэм я зэфIэкIыр абы и щапхъэу зэрыщ1ытыр.

Дыщ1ызэпсальэм министрым дыщигъэгъуэзащ Абхъаз Республикэм и щэнхабзэ Iуэхущ1апIэхэр зэрызэрагъэпэщ1ыжым, абы и пльэныкъуэкIэ зэфIах Iуэхухэм, гъуазджэм и л3жьыгъэхэм зыхуагъэувыж къалэнхэм. Псальэм папщIэ, Абхъаз къэрал драмэ театрыр зэрыщ1ыта дыдэм хуэдэу зэфIэгъэувэжьыным иджыпсту яужь итхэщ, щ1ыху мини 3 зыщ1жуэ орган пэшышхуэ яухуэнущ.

Гуапэрэ щхьэпэу

ЗЭРЫТЩ1ЭЩI, Абхъазым и куэдщ щ1ыпIэ дахэхэр. Абыхэм ящ1ыщ зым кIуауэ ди хьыджэбзхэм зрагъэщ1ыхуащ сурэтыщ1 Цвижбэ Нодар, нэгъуэщ1 абхъаз Iэщ1агъэлIхэри. ЯтIэ гъэжьам хьэкъуащ1ыкъу, унэ гъэдахэ зэхэмыдзэр кьыхэ3щ1ыкI Iэщ1агъэлIм и Iэдакъэщ1экIэр хуабжьу игу ирихьащ Щокъарэ Дианэ икIи жриIащ зыпэрыт Iуэхум и щэхуэхэм щигъэгъуэзэмэ зэригуапэр. Абы и «уасэу» Дианэ сурэтыщ1ыр ныбжьыгъащ упщIэ гъэпц1экIэм хигъэхъэну. Хьыджэбзхэм я л3жьыгъэм щ1ку хэтъкъым, хэт сыткIэ къеупщIми жэуап ират, уеблэмэ ягъэсэну хьэзырщ.

Нэхъыщхьэ дыдэжэр

АБХЪАЗ ныбжьыгъухэм сэлам щетхыжым, сэ зыбжанэрэ жысIащ: «Нэхъыщхьэ дыдэр къыдэхъуIащ. Иджы согупсыс: «Ди Сыхъум гъэлъэгъуэныгъэм пэжу нэхъыщхьэ дыдэу хэпльар сыту пIэрэт?» Абы хэта хьыджэбзихьм щ1ыщу тхум я1эу Абхъаз Республикэр зэралъэгъуар, ар я гум зэрыдыхьэра? Хьэмэ зэрыпрофессионалыпэ сурэтыщ1хэр я Iэдакъэщ1экIэхэм къызэрыщ1ытхъуара? Е нэIуасэ, ныбжьыгъу зэрызэхуэхъуахэра? Е мы Iуэхум кIыкIэ-л1ыкIуэнухэра? Псальэм папщIэ, абхъаз л1ъэпкъ фащ1эхэр зыщ1 сурэтыщ1 Арсалия Эльвирэ зэгъусэу проект къызэрагъэпэщ1ыну дизайнер хьыджэбзхэм къаззрыжриIар сыт и уасэ?! (Зэкl1э Iуэхум я1э диль3дэнкъым). Сыт хуэдэ л1ъабэкъуэми мыхьэнэщхуэ зэриIам щ1эч хэлъкъым. Щ1ыхум уахьхьэху зыгуэр къахьобж, жьыхуаIэращи, си щхьэкIэ щ1э куэд къэсщ1ащ.

Жьыжьэккъым 2011 гъэм и щ1ыщ1э мазэр, л3жьыгъэщ1эхэмкIэ ягъэбея «Упщ1эм къикIуа гъэзгуанэ» гъэлъэгъуэныгъэр Владикавказ щ1ытщэнур.

КЪАНЫКЪУЭ Заринэ,
«Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, «Жан» цIыхубз жылагъуэ зэгуэльэныгъэм и унафэщI.

Кэнжэ пщащэхэр утыку йохьэ



Сурэтыр **ТОЛГУРОВКамал** *трихащ.*

Кэнжэ къуажэм иджы я1эу щекIуэкIащ «Кэнжэм и пщащэ-2010» зэхьэзэхуэр. Абы хэтащ ирэзс 16 - 20 ныбжьым ит хьыджэбзхэр. Ахэр къэфащ, уэрэд жаIащ, я Iэдакъэщ1экIэхэр ягъэльэгъуащ, я жылэм тезхуауэ къызэрэгупщ1ахэм жэуап ираташ.

ЗЭПЕУЭР зэрыгуэшауэ щыта Iыхьэхым мыращ къикIуар: «ЗигуфIэкIэр дахэ пщащэ» цIэр Тау Радимэ фащащ, «Шарм зиIэ пщащэ» хьуащ Биттировэ Лейлэ, «Пщащэ зэкIужьыр» хуэфащэу кьалытащ Къущхьэ Марьянэ, «Пщащэ Iэщабэ-Iущабэр» Пщыкъуэ Сабринэщ, «Iщащэ гуэкIуэр» Болий Заремэщ. IеплъэкIи Iэщ1агъэкIи псомэ ятекIуауэ кьалытар, «Кэнжэм и пщащэ -2010» цIэр зыхуагъэфэщар Махиевэ Гульнарэщ. Ар хэтынущ «КъБР-м и пщащэ- 2011» зэпеуэм.

Кэнжэ къуажэм щекIуэкIа зэхьэхьэр ягъэдэхащ Щэнхабзэмкl1э унэм и кьэфакIуэхэм, «Щэ-джэм псыхьелъэхэр» гупым, уэрэджыIакIуэ Тlэхьу Артур сымэ.

ДЕМИДОВЭ Аннэ.

● Гъуазджэ

«Дахагъэм дунейр зэтреIыгъэ»

Гъуазджэхэмкl1э сабий еджапIэ №1-м и «Кавказ» къэфакIуэ гупым Сочэ къалэ щекIуэкIа фестивалым гранпри саугъэтыр къыщ1ихьащ.

УРЫСЕЙМРЭ гъунэгъу къэралхэмрэ икIауэ зэхьэзэхуэм хэтащ цIыху 600-м нэблагъэ. Гороев Жамболэт и гъэсэнхэм екIуу зэхьхьэм зыкъыщагъэлъэгъуащ, къэфэныкIэ, уэрэд жыIэныкIэ, утыку итыкIэ екIумкIэ я зэфIэкIхэр ягъэлъэгъуащ. «Кавказ» ансамблым хэт сабийхэм я ныбжьыщ ильэси 6 - 14. Абыхэм ящ1ыщ ди республикэми гъунэгъу щ1ыналъэхэми къыщащIыху Къадмызкъ Тамерлан.

Зэпеуэм кIуахэм мылъкукIэ ядэIэпыкъуащ Налшык къалэ администрацэр.

ДЕМИДОВЭ Аннэ.

● Хъуэхъу

Бахъсэн куейм хьыхь Къыщ1эк къуажэм щ1ыпсэу Хьэпэхьу Уэзэрбий къыщ1ацIыхуа махуэмкIэ сохъуэжьу

Си папэ дыщэ! Ми махуэ л1ъапIэмкIэ сыноужьу! Уи къэкIуэнур дахэу, узынщагъэ быдэ уиIэу, нэхъыжьхьIхэм я жьауэм ущ1эту, нэхъыщ1эм уращапхъэу, уи пщIэр л1ьагэу, унагъэу гукъеуэ уимыIэу гъащIэ дахэ къэбгъэщIэну Тхьэм жиIэ!

Упихьу Iэсият.

Iэпщэрыбанэ

Псоми ятокIуэ

Ставрополь щекIуэкIащ Iэпщэрыбанэ зэзэуэхэмкIэ ц1ыхухъухэмрэ ц1ыхубзхэмрэ я щ1ыналъэ чемпионат. Абы ирихьэл1ащ Урысей Федерацэм и щ1ыналъэхэм икIа спортсмени 150-рэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щ1ыхьыр яхьумащ бэнакIуэ 32-м: ц1ыхухъуу 29-рэ ц1ыхубзу 3-рэ.

АБЫХЭМ ящ1ыщу ящ1ыкIуайм щыбэна хьэлъагъхэм текIуэныгъэ къыщ1ахьащ е къыщ1ыхьжэныкIащ. Кавказ Ищхьэрэ щ1ыналъэм и чемпионатым дыщ1 медалхэр щ1ызыIэрагъэхьащ Иневев Жамболэт (кг 65-рэ), Щоджэн Мурат (кг 75-рэ), Джарыджэ Валерэ (кг 85-рэ), Мырзэкъан Азэмэт (кг 90-м щIигъу) сымэ. Ц1ыхубзхэм я зэпеуэм жэз медалыр къыщ1ыпсыкащ Пщыкъ Оксанэ (кг 65-рэ). Кабловэ Зое (кг 75-рэ) етIуанэ уивIпIэр къыжьащ.

Гуп зэхьэзэхуэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ къыхэхэм я1э увыIпIэр къыхуагъэфэщащ.

Ди бэнакIуэхэр ягъэхьэзыращ Мамхэгъ Хьэчимирэ Шэрджэс Зауррэ.

Спартакиадэ

КIэух зэIущIэхэр екIуэкIащ

КъБР-м и студентхэм я спартакиадэр мини-футболымкIэ зэпеуэкIэ щ1ызэхущ1ыжащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и спорт пэшым. Гупитlу гушауэ абы хэтащ еджапIэ нэхъыщхьи 8-м я командэ къыхэхахэр.

ЯПЭ финал нык1уэм щ1ызэIуIащ «А» гупым пашэныгъэр къыщ1ыз1ыхьа КъБКъМА-мрэ КъБКъУ-м и СПО-мрэ я футболистхэр. ЕтIуанэм хьэрхуэрэгъу щ1ызэхуэхьуащ КъБКъУ-мрэ СГА-мрэ я командхэр.

Финалым щ1ызэхуэзащ зи гугъу тщIа зэIущIэхэм текIуэныгъэр къыщ1ызыхьахэр. 7:1-уэ абы пашэ щ1ыхьащ университетым и л1ыкIэхэр. Жэз медалым щхьэкIэ зэхэта зэIущIэм 6:1-уэ щ1ытекIуащ СГА-м и гупыр.

Адрей спорт л1эужьыгъуэхэмкIи екIуэкIа зэпеуэхэм къырикIуахэр зэхалъхьэжьнурэ, спартакиадэм щ1ытекIуа еджапIэ нэхъыщхьэр наIуэ ящ1ынущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛАСЭ Замирщ.

● Гу зылъытапхъэ

Дзэм къулыкъу щ1ызыщIэнухэр къыхах

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым Налшык щиIэ къудамэм къыхех зи ныбжьыр илъэс 40-м фIэмыкIауэ запасым щ1ызыхэм ящ1ыну контракткIэ Ростов областым, Краснодар крайм, Щэпэн Республикэм къулыкъу щ1ызыщIэнухэр. Улахэр инщ.

Контракткlэ дзэм къулыкъу щ1ызыщIэну хуейхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым Налшык къалэ щиIэ къудамэм зыхуагъэзапхъэщ мы адресымкIэ: *Налшык къалэ, Уэздыгьум и уэрам (Красноармейскэ уэрам щытар), 26, пэш 24. Телефонхэр: 44-10-83.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщ1хьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщ1хьэм и къуэдзэ), **Щ1ирдий Маринэ** (редактор нэхъыщ1хьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущ1о Зариф, Iстэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжькъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щ1эхIэ щ1ыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщ1анэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщ1хьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ л1ъэпкъ Iуэхуэхьмкl1э - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щ1ихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахущ; **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщ1кI Соня, редактору Льостэн Муэ, корректорхэу Пхьтыкъ Юрэ** *(1, 2-нэ пап.),* **Щ1ыджэн Заирэ** *(3, 4-нэ пап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр яиIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, ГъукIэл Рае,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанн1щ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №3237

● КъБР-м и прокуратурэм

Я хуитыныгъэхэр ехъумэ

Май куейм и щ1ыкIэм я егъэджакIуэхэм прокуратурэм зыхуагъэзащ сабийхэр зэрыригъаджэ тхылъхэр кьащ1ухуным, зыхуеину газетхэмрэ журналхэмрэ къэрагъэхьынымкIэ тращ1ыкIуадэ ахьщ1эр езыхэм я л3жьапщIэм зэрыхущIамыгъужьмкIэ тхьэусыхэр.

ІУЭХУР щызэхагъэкIым белджылы хъуащ апхуэдэ ахьщ1э къэтхьэусыхэхэм 2007 гъэ л1ьандэрэ зэрырамытыр.

Абы щыгъуэми, зи гугъу тщIы хабзэр щыубзыхуащ федеральнэ, республикэ законодательствэм. Псальэм и хьэтыркIэ, «Егъэджэныгъэм и Iуэхукl1э» КъБР-м и Закон №4-РЗ-уэ 1994 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м кьыдэкIам и 63-нэ статьям къызэригъэувымкIэ, зи гугъу тщIы Iуэхум пэкIуэ ахьщ1эр мазэ къэс егъэджакIуэхэм иратын хуейщ соми 100 хьуу. Абы кьыхэкIыу куейм и прокуратурэм судым зыхуигъэзащ а ахьщ1эр КъБР-м Финансхэмкl1э и министерствэм, Май районым и администрацэм, еджапIэ Iуэхущ1апIэхэм кьыIахьыжьыну кьигъэуву. Судыр Iуэхум щ1ыхэпльэм, егъэджакIуэ зыбжанэм езыхэм я тхьэусыхафэм кърагъэгъэзэжащ. ХабзэкIэ абыхэм апхуэдэ хуитыныгъэ я1эщ, хуеймэ, аргуэру судми прокуратурэми зыхуагъаазэ хъунущ я ахьщ1эр здэкIуэр зэхагъэкIыным теухуауэ. Ауэ Александровскэ станицэм и курыт школ №9-м и л3жьакIуэхэр (псори зэхэту 27-рэ мэхьу) судым щ1ыхьэт щытехьуащ ахьщ1э къызэрырамытам. Судым кьищ1эну унафэм пэмыплъэу, абыхэм иратыжащ сом мин 28-рэ 488-рэ.

ХьэрэмыгъэкIэ зыIэрагъэхьэ

Iуащхьмахуэ куейм и прокуратурэм сэтей кьищ1ащ нэхъ хуэмыщIа ц1ыхухэм къэралыр зэралэIэпыкъу ахьщ1эр щ1ызэхадигъуэ къызэрыхьур.

ПСАЛЪЭМ папщIэ, къыщ1агъэщащ зэрылэжьапIэншэм пэкIуэу ират ахьщ1эм хуэдэ 40-м нэблагъэ зыкIи къатемыхуэу кьыIахауэ.

Зэупщ1ахэм я нэхьыбэм заумысыжащ зэхащ1ыхьамкIэ.

Апхуэдэ щ1ыкIэкIэ уголовнэ Iуэху 36-рэ къаIэтащ, УФ-м УК-м и 159-нэ статьям и я1э Iыхьэм къыщ1ыгъэльэгъуа щ1эпхьаджагъэхэм ехьэлIауэ. Суд унафэкIэ зыкъомым ирагъэпшыныжащ хьэрэмыгъэкIэ зыIэрагъэхьа ахьщ1эр.

Жэуапым ирашалIэ

Волгоград областым хьыхь Быковскэ районым щыщ Абдуржахаев Сультlанрэ Силаевым Виталийрэ ятеухуа уголовнэ Iуэхум хэпльэри, КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм ахэр зэрагъэкъуапшэ унафэ кьыщтащ.

СУДЫМ зэрызэхигъэкIамкIэ, Абдуржахаевымрэ Силаевымрэ 2009 гъэм и гъатхэпэм Ингушым икIыжу Волгоград областым щ1ыкIуэжьым, Iуащхьмахуэ куейм кIэ ягъэтIри, Тырныауз къэлэм дыхьащ, зэрыкIуэжьи гъуэгушIэ зэрамыIэм кьыхэкIыу. Ахьшэ щ1ыхуэ кьесытын щамыгъэтым, Абдуржахаевым и ц1ыхугъэ ц1ыхубзитI щ1ыпсэу фэтэрым кIуащ.

ЩIэпхьаджащIэхэм тырныауэдэс зэанэзэпхъур ятхьэлэри, сом мин 20-м щIигъу и уасэ я дыщэхкIхэр къащтащ. А жэщ дыдэм ахэр милицэм и л3жьакIуэхэм яубыдащ.

Судым Абдуржахаевым илъэс 14 трилъхьащ, Силаевым илъэс 17 тутнакъщым щигъэкIуэнущ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Теддэ тхыгъэхэм кьыщ1ыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэтэ Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтеухуу зэпыту щ1ытхьым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынымрэ и щIэ дальщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIынымхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щ1ыпмкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыдэгъэзащ и 16-м №П-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ ящ1одкI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.